# QARAQALPAQ FOLKLORÍNDA LAP JANRÍNÍŃ KÓRKEMLIK ÓZGESHELIKLERI

**J.A.Berdimuratov** – *erkin izleniwshi*
*Ózbekstan mámleketlik mádeniyat hám kórkem óner instituti Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** folklor, janr, so'z, badiiylik, adabiyot nazariyasi, folklor terminlari.
**Ключевые слова:** фольклор, жанр, слово, художественность, литературная теория, фольклорные термины.
**Key words:** folklore, genre, word, artistry, literary theory, folklore terms.

**Kirisiw.** Qaraqalpaq xalqında ázelden sóz ónerinıń ustaları, dilwar, sózden sóz quwalaytuğın tapqır, improvizator adamlar kóp bolğan. Olar atı belgili batırlar, el basqarğan biyler, shayırlar, baqsı-jırawlar, belgili qaharmanlar menen ápiwayı adamlar sıpatında ómir súrgen. Sózdiń kúshin bilgen, pikirlewi tereń, oylaw qábileti joqarı bul adamlardıń aytqan «ayrıqsha sózleri» ádebiy miyrasqa aylanıp otıradı. Olar qatarında lap sózler de bar. Xalıqtıń ádebiy gáziynesi sıpatında olardı úyreniw búgingi kún qaraqalpaq folklortanıwında áhmiyetli máselelerden bolıp turıptı. Lap sózlerdiń tiykarğı estetikalıq tásirlerinen biri adamlar haqıyqatlıqtıń qádirin biledi. Hárbir aytılğan gápke itibarlılığın kúsheytedi. Sebebi, sáwbetlesiniń kótermelep, ulğaytıp, bórttirip aytıp atırğan lap sózlerin ańlap, oğan tapqırlıq penen qatnas jasaw kerek boladı.

**Tiykarğı bólim.** Qaraqalpaq folklorında lap sózler arnawlı túrde izertlew obyektine alınbağan. Xalıq awızeki ádebiyatınıń ájayıp úlgileri bolğan sheshenlik sózler, kúldirgi sózler hám júyeli sózler qatarında xalıq arasında átirapındağı adamlardı, hár qıylı nárse-qubılıslardı, turmıs waqıyaların asıra súwretlep, arttırıp bayanlaytuğın lap sózlerdiń de áhmiyeti kúshli. Onıń maqsetin folklortanıwshılar tómendegishe túsindiredi: «adamlarğa oy salıw, durıs pikirlewdiń áhmiyetin dálillew, dógereginde bolıp atırğan waqıyalarğa isenim tuyğılarınıń bekkemleniwin támiynlew». Lap sózlerdiń qıysının kelistiretuğın adamlardı lapgóyler deymiz. Olardıń qıyalıy súwretlewi yağnıy fantaziyası kúshli boladı. Sonlıqtan basqalar itibar bere bermeytuğın nárse-hádiyselerge ózgeshe sezim menen qatnas jasap átirapındağılardı tań qaldıradı.

Aytıp ótkenimizdey, lap sózler arnawlı túrde jıynalıp úyrenilmegen. Baspa sóz betlerinde de az sanda járiyalanıp kelinbekte. Jáne de, jıynaqlı forması Qaraqalpaq folklorı kóp tomlığınıń 84-tomında júyeli sózler menen birge berilgen. Qullası, qolda bar materiallar barmaq búgip sanarlıq. Sonlıqtan biziń bul jumısımızdıń maqseti mine usınday lap sózlerdi ele de jıynaw, onıń janrlıq, tematikalıq ózgesheliklerin úyreniw hám qaraqalpaq folklortanıw ilimine jańalıq alıp kiriw bolıp esaplanadı. Kúldirgi sózler de, júyeli sózler menen lap sózler de aytıwshı hám tıńlawshınıń qatnasında aytılatuğın, hardayım hárekettegi qısqa formalı janr sıpatında sóz ónerinıń, sóz kúshiniń álwan túrli qırların kórsetedi [2:15]. Solay bolsa da, olardıń janrlıq ózgeshelikleri óz aldına. Kópshiliktiń kúldirgi sózlerdiń mánis-mazmunı qaysı bağdarda bolatuğınlığın, laplardan ayırmashılığı da basım ekenligin biletuğını málim. Lap sózler júyeli tiykarğa iye. Biraq, olardıń ózgesheligi sonda, júyeli sózler eki adamnıń arasındağı sáwbette sózdiń júyesin tawıp, oğan naq hám anıq juwap qaytarıw maqsetinde payda boladı hám onıń mánisinde lap sózler sıyaqlı asıra, bórttirilgen emes, kerisinshe haqıyqatlıq penen baylanıslı jeńil háziller basım boladı.

Búgingi kúni de xalıq arasında lapgóylik penen átirapındağılardı tań qaldırıp júretuğın sózge sheshen adamlar ushırasadı. Olardıń lapları awızdan-awızğa ótip xalıq múlkine aylanadı. Itibar berilse ondağı waqıyalar tolığı menen lap túrinde aytıladı. Tapqırlıq penen giperbolağa bayıtıladı, yağnıy oğırı asıra súwretlenedi. Xalıq arasında Ómirbek laqqı menen baylanıslı kóplegen kúldirgi sózler, júyeli sózler hám anekdotlar bar. Sol qatarı usı sóz kúshine iye tulğa menen baylanıslı laplar da ushırasadı. Laplardıń mánisin anıq túsiniw ushın mısallardı tolığı menen beriwge tuwra keledi.

Bir kúni Ómirbek Buxarada bir lapgóydiń atın esitip, sonı izlep barıptı. Ekewi ushırasıptı.

- Qáne siziń elde qanday ájayıp, úlken nárse bar? – depti Ómirbek.

- Biziń elde bir káramat nárse bar, - depti buxaralı lapgóy.

- Há, ne nárse? – depti Ómirbek.

- Biziń elde shalğam degen ósimlik bar, onıń úlkenligin aytıp jetkere almaysań. Onıń bir japırağınıń túsken sayasına sen qusağan qırıq qaraqalpaq atı menen kóleńkelegende de, kóleńkesi ádewir awısıp qaladı, - depti Buxara lapgóyi.

- Oho, kútá úlken eken ğoy, - depti Ómirbek.

- Al, siziń elde qanday ájayıp nárse bar? – dep soraptı Buxar lapgóyi.

- Biziń elde onday úlken nárse joq tá, biraq men elden shığarda bir bay qazan soqtırıp atır edi. Ol qazannıń úlkenligin sonnan bil, onıń qırıq qulağı bar, qırıq qulağında qırıq adam turıp balğa urğanda, biriniń urğan balğasınıń dawısı ekinshisine jetpeydi eken, - depti Ómirbek.

Sonda Buxar lapgóyi:

- Oy, meniki kelisip edi – dá, seniki jarığa jawımay ketti ğoy, onday da qazan bolama eken? – depti.

- Oy, kállağar, jańağı sen aytqan shalğamdı sonday qazanğa aspay, kólge asasań ba? – depti Ómirbek.

Sonda buxaralı lapgóy ne derin bilmey qalıptı.

Álbette, bunday xalıq dóretpelerinde xalqımızğa tán milliy psixologiya hám minez-qúlıqtı ańlawğa boladı. Jáne bir mısal keltireyik:

Bir kúni Ómirbek bala waqtında ákesiniń izine erip Shımbaydıń bazarına barğan qusaydı. Olar bazardı aralap, kerek-jarağın alıp bolıp, bir keseden sháy ishiw ushın sháyxanağa kiripti. Kirse, shayxananıń ishi tolğan adam eken. Bular ekewi de olardıń qasına bir sháynek shayı menen jayğasıptı. Sonıń arasında olardıń qasında otırğan bir lapgóy:

- Ótken jılı Xiywanıń bazarına barğanımda, ástapıralla, boyı aqterek penen teń adam kórdim. Xiywanıń sháshtárezi onıń shashın zángige minip alıp atır eken, - depti.

Dógerekte otırğanlardıń bári «ástawpıralla-ástawpıralla» desip atırğan qusaydı. Sonda buğan shıday almağan bala Ómirbek:

- Pay, boy bolğanıńa! Men Shımbaydıń ótken bazarında bir jigitti kórdim. Biziń Shımbaydıń sháshtárezi onıń shashın alıp atırğanda, páki tiyip kesip ketken jerlerin qasınan ótip baratırğan bultılardan qısımlap julıp alıp, sıpırıp otırğan eken, -depti.

Endi júyeli sózlerden bir mısal keltireyik:

Ómirbektiń bir kózi soqır bolıptı. Bir kúnleri qaladan qaytıp kiyatırıp, ıssıǵa shıdamay shóllepti. Suw iship shıǵayın dep bir baydıń úyine kiripti. Kirip barsa, tórde bir kelinshek, eki qız sharıq iyirip otır eken. Ómirbek esik betinde otırıptı. Kelinshek ornınan turıp, Ómirbektiń bir kózi soqır ekenin kórip:

- Ata, biziń atam qalaǵa bir kózi soqır ógiz alıp ketip edi, satqan-satpaǵanın bildińiz be? – depti Ómirbekti ermeklep.

Sonda Ómirbek:

- Aqırbazar bir barǵanımda bir kisi bir kózi soqır ógizdi bir qashar, eki baspaqqa bermey turıp edi,- depti.

Kelinshek sózden utılıp, Ómirbekke sháay qaynatıp beriptı.

Demek, júyeli sózler sıyaqlı laplarda da házir improvizatorlıq penen jeńil kúlki boladı. Sonda, lap sózlerdiń tiykarǵı janrlıq ózgesheliginiń biri ondaǵı aytılıp atırǵan adamlar, janlı-jansız nárseler, túrli qubılıs hám waqıyalar haqıyqatlıqtan qashıqlıǵında kórinedi.

Laplar lapgóyler tárepinen improvizaciyalıq usıllar arqalı dóretilip, xalqımızdıń mádeniy turmısında túrli hádiyseler haqqında giperbolalıq asıra súwretlewler arqalı dóretilip kelingen. Hárqanday aytılǵan lap sóz júyeli tiykarǵa iye boladı. Sonlıqtan da laplarda turmıslıq faktorlar menen bayıtılǵanlıǵı, kólemi, syujet-kompoziciyası, ideya-tematikası, dóretiliw hám atqarılıwı, improvizaciyalıq dástúri boyınsha júyeli sózlerge jaqın keledi [3:58]. Laplardıń qaharmanları ápiwayı puqaralar, turmıslıq predmetler, hádiyseler, belgili bir waqıyalar yamasa zatlar hám t.b. janlı-jansız buyımlar bolıp tabıladı. Onda waqıyalar bastan-ayaq lap túrinde súwretlenedi.

Esitkendi jalıqtırmaytuǵın laplar xalıqlıq ápiwayı til menen, ápiwayı sózler menen aytılıp, onıń mazmunı insandı oylawǵa, pikirlewge iytermeleydi. Átiraptaǵı dúnyanıń haqıyqatlıqların ańlawǵa baǵdarlaydı. Xalıq bar jerde usınday sóz óneri háreket etip bayıp baradı. Búgingi kúni el ishinde laplardıń da zamanagóy turmısqa maslastırılǵan halda payda bolǵan túrleri ushırasadı.

Lap janrı hám onıń atqarıwshıları bolǵan lapgóylerdiń maqseti adamlarǵa oy salıw, durıs pikirlewdiń áhmiyetin dálillew, dógeregindegi bolıp atırǵan waqıyalarǵa isenim tuyǵılarınıń bekkemleniwdi támiyinlew bolıp tabıladı. Olar tutası menen giperbolizmge, fantaziyaǵa oǵada bay boladı. Laplar tásirinde haqıyqatlıqtıń qádir-qımbatı bahalanadı. Laplar baspasóz betlerinde az da bolsa járiyalanıp kiyatırsa da, arnawlı túrde járiyalanbaǵan. Házirgi ádebiy proceste, kórkem-estetikalıq muzıkalı shou, teatrlastırılǵan yumorlıq-satiralıq (intermediya, saxnalıq kórinis, «Sawǵa», «Quwnaqlar hám ziyrekler» show baǵdarlamalarında) saxnalastırılǵan shıǵarmalarda, sonıń menen birge geypara jaǵdaylarda bunday lap sózlerdi jol jónekey avtobuslarda, otırıspalarda, toy-merekelerde esitip, tıńlap hám kórip júrmiz.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq folklorınıń ájayıp úlgileriniń biri bolǵan laplardı xalıq arasınan jıynap, hár tárepleme úyreniw folklortanıw ilimindegi áhmiyetli máselelerden esaplanadı.

**Ádebiyatlar**

1. Paxratdinov Yu. Ómirbek laqqı hám yumor satira máselesine. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1990.
2. Maqsetov Q., Tájimuratov Á. «Qaraqalpaq folklorı, -Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1979.
3. Maqsetov Q. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri. -Nókis: «Bilim», 1996, 136-137-b.
4. Paxratdinov Á., Allambergenov K. «Qaraqalpaq ádebiyatınıń saǵaları», /«Erkin Qaraqalpaqstan» , 13-yanvar 2009, №6 (18688).
5. Ruzimbetov S., Ruwzimbetov H. Folklor atamalari qisqacha luǵati. –Urganch: «UrDU», 2007.

**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq folklorida oʻrganishni kutayotgan asosiy janrlardan biri loflar haqida keng tarzda ilmiy fikrlar bildirilgan. Shuningdek, folklordagi lof janrining badiiy xususiyatlari ilmiy-nazariy asosda maxsus tarzda oʻrganib chiqildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлен широкий спектр научных мнений о лапах — одном из основных жанров каракалпакского фольклора, требующем изучения. Также на специальной научно-теоретической основе изучались художественные особенности жанра сказки.

**SUMMARY.** The article presents a wide range of scientific opinions on paws, one of the main genres of Karakalpak folklore that requires study. Also, on a special scientific and theoretical basis, the artistic features of the fairy tale genre were studied.

## ӨТЕШ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ ШАЙЫРЛАР ОБРАЗЫНЫҢ ЖАСАЛЫЎЫ

**Б.А.Давлетов** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** шеър, образ, жанр, маҳорат, эстетик идеал, шоир, услуб, таъриф, талант.
**Ключевые слова:** песня, образ, жанр, мастерство, эстетический идеал, поэт, стиль, определение, талант,
**Key words:** poem, image, genre, skill, aesthetic ideal, poet, style, definition, talent.

**Кирисиў.** Ҳәр қандай әдебий шығармада орайлық орында көркем образ сүўретленеди. Себеби көркем әдебиятта жазыўшы яки шайырдың көзқарасы, ўақыяны аңлаўы, эстетикалық идеалы сыяқлы бир қатар категорияларды олардың дөреткен образлары арқалы көз алдымызға келтириўимиз мүмкин.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология**. «Образ» деп инсанлардың ишки ҳәм сыртқы дүньясын, ўақыя-ҳәдийселердиң, өсимлик ҳәм жәниўарлардың, тәбият көринислериниң улыўмаластырып ҳәм конкертлести-рип сүўретленген, белгили идеялық эстетикалық ўазыйпаны орынлайтуғын картинасына айтылады» [1:42]. «Көркем образ дегенде, барлықтың дөретиўши көзи менен көрилген ҳәм идеал тийкарында дөретиўшилик пенен қайта исленген көринис тәрийпленеди» [2:43]. «Образдың эстетикалық мәниси сонда, онда инсан идеалының анық көринис сәўлеленеди» [3:46].

Изертлеўдиң жүзеге келиўинде көркем-эстетикалық, биографиялық талқы методларынан пайдаланылды.